

Egzanp* machaswiv pou preparasyon avèk CapsoCam Plus®

*Nou bay doktè yo machaswiv yo kòm egzanp pou prepare yon pasyan ki pral gen anpil chans fè ti entesten an vin pwòp ak bay yon rezilta pwosedi ki favorab. Doktè a ta dwe konsidere kondisyon endividyèl chak pasyan lè l ap preskri machaswiv preparasyon yo. Pasyan yo konnen ki gen pwoblèm mobilite yo (pa egzanp, reta nan vidanj gastrik, retansyon gastrik, konstipasyon souvan, aksè difisil pandan kolonoskopi, elatriye) ka bezwen yon preparasyon ki pi agresif oswa ki modifiye.

Doktè yo te elabore preparasyon sa a dekonsè ak pasyan yo pou reyalize twa objektif prensipal yo: (1) pi byen wè anndan ti entesten an, (2) fè kapsil la pase pi rapid ak (3) pou pou ki pi mou posib pou rekipere kapsil la pi fasil epi nan objektif pou maksimize rezilta klinik etid kapsil andoskopi pasyan ou an.

Machaswiv pou preparasyon pasyan pou videyokapsil andoskopik avèk CapsoCam Plus®

Randevou pou enjesyon nan maten

*SONJE: Si w ap pran yon sipleman fè oral, tanpri sispann pran l pandan 4 jou konplè anvan tès la.

Pwosedi videyokapsil andoskopik ou an pwograme nan: _____

Adrès: _____

Jou _____ Dat _____ Lè _____

Jou anvan pwosedi a

Jou:	Manje nòmal jan w konn fè pou manje maten epi pou manje midi pran yon ti bagay lejè. Apresa, kòmanse rejim likid klè a pou rès jounen an/lannwit anvan pwosedi a. (Pa bwè anyen ki gen koulè wouj).
Jou: Lè: 7:00 pm	Melanje sèt (7) bouchon plen (119 gram) polyetilèn glikòl (mak tankou MiraLAX®, ClearLax, PureLax, GaviLax, LavaClear) ak 32 ons dlo oswa bwason ranplasman elektwolit ki pa koulè wouj, epi bwè tout.
Jou: Lè: 9:30 pm	A 9:30 pm, pran 0,6 ml gout Mylicon® ki byen melanje ak 8 ons dlo. Sa a pral diminye tiboul nan aparèy gastwoentestinal (GI) la. Pa bwè anyen apre 10pm. Yo otorize w bwè ti gòje dlo ak medikaman yo.

Jou pwosedi a

Jou: Lè: Maten	Pa pran medikaman yo pandan jiska 2 èdtan apre ou fin vale kapsil la sof si doktè ou a jije li nesèsè, epi bwè ti gòje dlo ak medikaman yo.
Jou: Lè:	De (2) èdtan anvan lè ki pwograme pou vale kapsil la, melanje 1 bouchon plen (17 gram) polyetilèn glikòl (mak tankou MiraLax, ClearLax elatriye) ak yon vè dlo plen oswa bwason ranplasman elektwolit ki pa koulè wouj. Bouchon boutèy polyetilèn glikòl la se yon bouchon pou mezire ki make pou genyen 17 gram poud lè yo ranpli l rive nan liy ki endike a.
Jou: Lè:	Rive nan biwo/klinik lan.
Lè:	Vale kapsil CapsoCam Plus la ak 0,6 ml gout Mylicon nan 8 ons dlo.
Lè:	Rekòmanse bwè likid klè 2 èdtan apre w fin vale kapsil la.
Lè:	Kat (4) èdtan apre ou fin vale kapsil la, melanje 17 gram polyetilèn glikòl (mak tankou MiraLax, ClearLax elatriye) ak yon vè dlo plen oswa bwason ranplasman elektwolit ki pa koulè wouj, epi bwè tout.
Lè:	Ou ka savoure yon ti bagay lejè pou manje midi nenpòt lè apre ou fin bwè dènye dòz polyetilèn glikòl la (mak tankou MiraLax, ClearLax, elatriye). Tanpri ekri sa ou te manje pou manje midi. _____ Manje nòmal jan w konn fè a pou soupe. Pa bezwen gen plis restriksyon sou rejim alimentantè.

Enfòmasyon enpòtan pou pasyan yo

- Pou pi bon rezilta, estrikteman swiv machaswiv yo. Kapsil la pral pran 3-30 èdtan dabitid pou l pase. Si ou pa te pase kapsil la nan 72 èdtan apre w fin bwè kapsil la, kontakte doktè ou.

- Pou gade videyo machaswiv pou rekipere kapsil la, al sou

<https://capsovision.com/patient-resources/what-to-expect-with-capsocam/>



- Pou evite yo refè etid sa a, tanpri respekte machaswiv pou rekipere kapsil ou an jiskaske w rekipere kapsil la. Kontinye sèvi ak Retrieval Pan (bak pou rekipere kapsil) yo bay la jiskaske w rekipere kapsil la.
- Voye kapsil la tounen bay doktè ou jan yo di a.

Voye kapsil la tounen: 1 nan 2 opsyon founisè swen sante w la chwazi

- Si yo bay yon anvlòp ki gen tenb ki peye davans nan twous pou pote lakay ou a, mete kapsil la andedan veso kapsil la. Asire w ke kouvèti veso kapsil la byen fèmen, mete veso kapsil la nan sache ki gen zip la epi fèmen li. Mete sache ki gen zip la ak veso kapsil la anndan anvlòp la, fèmen l epi depoze anvlòp la nan nenpòt bwat FedEx oswa biwo FedEx.
- Mete kapsil la andedan veso kapsil la. Asire w ke kouvèti veso kapsil la fèmen. Voye kapsil la tounen bay biwo doktè a nan lè nòmal biwo a ouvè.

Tanpri rele biwo nou an nan: _____ si w gen nenpòt kesyon.

Achte medikaman preparasyon an

Sonje: Medikaman preparasyon ka gen divès gwosè: Lè w ap achte medikaman pou preparasyon an, asire ke ou gen ase pou w fè tout preparasyon an nèt.

Polyetilèn glikòl (mak tankou MiraLAX®, ClearLax, PureLax, GaviLax, LavaClear). Achte yon veso (yo) ki ka pran omwen 153 gram (gen anpil chans w ap gen rèz ki rete).

Gout Mylicon - Boutèy ki pi piti posib... w ap bezwen sèlman 1,2 ml total.